



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 3 jen 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM “FUEL NY” POU BAY SITWAYEN YO AK PREMYE SEKOURIS YO
AKSÈ NAN GAZ PANDAN IJANS YO**

***Jiska \$17 Milyon Dola nan Finansman Sekou Federal akòz Ouragan Sandy Pral Ede Estasyon Gaz Pati
Sid Eta a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman “Fuel NY,” yon pwogram pou amelyore aksè nan gazolin pandan yon gwo tanpèt oswa pandan lòt gwo move tan. “Fuel NY” Gouvènè a te anonse nan Diskou 2013 li sou Sitiyasyon Eta a te devlope kòm yon repons dirèk pou mank gaz ki te genyen pandan Sipè-Ouragan Sandy, epi li gen ladan pi gwo egzijans sipò nasyon an pou estasyon gaz nan pozisyon estratejik yo.

Kòm yon etap nan yon pwogram jeneral pou pwoteje chèn distribisyon gaz nan yon ijans, “Fuel NY” pral fòme \$17 milyon dola ki disponib pou ede estasyon gaz detayan yo amelyore kapasite enèji sipò yo yon fason pou yo kapab rete louvri pandan gwo tanpèt yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “mank aksè nan gazolin te nuizib anpil pou efò sekou a ak reparasyon apre Sipè-Ouragan Sandy. Fuel NY pral bay premye sekouris yo, anplwaye debaz yo, sitwayen k ap deplase yo ak lòt chofè yo lapè nan tèt lè yo konnen estasyon gaz yo gen kapasite enèji sipò ki nesèsè pou distribiye gazolin nan epi pou fè bagay yo retounen nan nòmal san pèdi apre yon gwo tanpèt. Nou te aprann anpil leson nan Sandy, epi sa se yon efò leta fè pou asire li pi byen prepare anvan evènman move tan grav.”

Nan pwogram nan, New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA) pral egzekite yon pwogram sibvansyon an pou pèmèt estasyon gaz yo fè enstalasyon fil ki nesèsè pou yo kapab konekte dèlko pòtatif pou ijans yo sizoka gen yon blakawout ki dire lontan akòz yon ijans nan distribisyon enèji oswa nan gaz oswa pou enstale yon dèlko enèji sipò ki kole nèt.

Answit, yo kreye yon nouvo sitwèb, nysandyhelp.ny.gov/fuel-ny, pou bay enfòmasyon pou pwopriyetè estasyon gaz yo ak chofè yo pou idantifye ki estasyon gaz ki gen obligasyon pou patisipe nan pwogram nan. Sitwèb la bay yon seksyon kesyon ak repons tou ak enfòmasyon sou fason pou aplike pou finansman an. Y ap mete dènye enfòmasyon yo nan sitwèb la souvan pou montre ki estasyon gaz ki ekipe avèk kapasite enèji sipò.

Haitian Creole

Apeprè mwatye tout estasyon gaz pati sid ki nan Vil New York, Long Island ak konte Westchester ak Rockland gen obligasyon kounye a pou gen enèji sipò sizoka gen yon ijans, tankou:

- Estasyon gaz ki nan yon distans mwatye mil avèk yon sòti otowout oswa avèk yon wout deplasman pou ouragan nan zòn pati sid sa yo ap bezwen gen enstalasyon fil avèk yon entèripte transfè anvan 1ye avril 2014. Yo dwe deplwaye ak enstale yon dèlko nan 24 èdtan ki vini apre lè gen blakawout nan yon ijans.
- Answit, 30 pousan tout pwèn lavant ki fè pati yon chèn ki pi lwen pase yon distans demi mil avèk sòti otowout yo ak wout deplasman yo nan zòn pati sid sa yo ap gen obligasyon pou enstale yon entèripte transfè anvan 1ye out 2015. Yo dwe deplwaye ak enstale yon dèlko nan 48 èdtan ki vini apre lè gen blakawout.
- Tout estasyon gaz ki fèk bati yo epi ki resevwa yon pèmi konstwiksyon nan dat 1ye avril 2014 oswa annapre ap gen obligasyon pou gen enstalasyon film yo deplwaye yon dèlko oswa yo dwe gen yon dèlko sipò enstale.

Estasyon gaz ki vann mwens pase 75.000 galon gaz pa mwa gen egzansyon.

Pwopriyetè/operatè estasyon gaz yo kapab aplike pou apeprè \$10.000 dola pou chak estasyon gaz pou ede yo enstale yon entèripte transfè k ap aksepte yon dèlko pòtatif pou ijans ak apeprè \$13.000 dola pou chak estasyon si yo chwazi enstale yon entèripte transfè ak yon dèlko sipò pèmanan. Estasyon ki fè pati yon chèn jan sa defini nan pwogram nan epi ki pa sou yon distans demi mil avèk sòti otowout yo ak wout deplasman yo kapab resevwa sèlman apeprè \$10.000 dola. Y ap peye finansman an sèlman pou vrè depans yo lè NYSERDA resevwa dokiman kòrèk ki montre enstalasyon an fèt.

Depatman Agrikilti ak Mache ak Divizyon lokal Pwa ak Mezi ap enspekte dokiman enpòtan estasyon yo pou asire yo respekte lwa sa a, epitou pou konfime estasyon gaz ki deziyen yo pare pou opere pandan yon ijans enèji ki deklare.

Prezidan ak Direktè Jeneral NYSERDA, Francis J. Murray Jr. di konsa, “Pwogram sa a se pati efò Gouvènè Cuomo pou abòde chèn distribisyon gaz la nèt – depi nan akedik la pou rive nan ponp yo – ki ka afekte pandan yon gwo tanpèt. Anba direksyon gouvènè a, NYSERDA ap fè yon kantite etap pou asire Sena a ap devlope yon enfrastrikti enèji ki pi efikas ak pi kapab pou reziste nan ensidan move tan nan ane k ap vini yo. Aksyon jodi a reprezante yon lòt etap nan angajman Leta ap kontinye pran pou asire sekirite ak byennèt Nouyòkè yo pandan yon eta-dijans.”

Manm Komisyon Agrikilti Eta a, Darrel J. Aubertine, di konsa, “Gouvènè Cuomo merite yon kokennchenn kredi poutèt li kreye pwogram “Fuel NY”, paske franchman, twòp konsomatè te rete nan fènwa apre Sipè-Ouragan Sandy. Biwo Pwa ak Mezi nou an ap travay avèk minisipalite ki nan pati sid eta a pou asire pwogram sa a egzekite kòrèkteman.”

Manm Komisyon Divizyon Sekirite Teritwa Eta New York ak Sèvis Ijans, Jerome M. Hauer, di konsa, “Nou konnen nan eksperyans kijan li enpòtan pou gen aksè nan gaz pandan ak apre ijans yo tankou Sipè-Ouragan Sandy. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li pran mezi final sa a pou asire nou p ap fè eksperyans mank gaz ankò ki te lakòz gwo difikilte pou premye sekouris yo ak sitwayen yo apre yon katastwòf konsa. “Fuel NY” se yon pwogram enpòtan k ap ranfòse efò preparasyon jeneral eta a pou nenpòt katastwòf posib.”

Kevin Beyer, prezidan ak direktè jeneral Asosyasyon Detayan Gazolin Long Island, di konsa: “Sou non Asosyasyon Detayan Gazolin Long Island, nou swete di Gouvènè Cuomo mèsì pou efò li kontinye fè nan tèt ansanm pou travay avèk endistri a pou fè pwogram sibvansyon enèji sipò pou estasyon gaz yo vin yon reyalite. Nou apresye toutbon paske Gouvènè a ak ekip li te fè nou vin patnè nan pwosesis sa a ki ta dwe ede garanti siksè final pwogram nan.”

NYSERDA ap devlope yon pwogram tou kote l ap jere yon gwoup dèlko pòtatif pou ijans ki pral disponib pou estasyon gaz sa yo ki nan pati sid eta a lè gen yon ijans nan enèji oswa yon ijans nan distribisyon gaz. Answit, nan pwogram “Fuel NY,” NYSERDA ap fè yon sondaj sou mezi efikasite nan akedik ak tèminal yo, epi y ap rasanble enfòmasyon espè yo ak endistri a sou posib devlopman yon Rezèv Estratejik Gaz.

Estasyon gaz ki kalifye yo kapab aplike pou pwogram nan sou sitwèb nysandyhelp.ny.gov/fuel-ny. Pou jwenn èd pou pwosesis aplikasyon pou sibvansyon an, pwopriyetè estasyon gaz yo kapab rele 1-855-323-3030 oswa yo kapab voye imèl nan GasStationGrants@nyserda.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418